



**Kevin Moran**  
Chief School Operations Officer  
Department of Education

**52 Chambers Street  
New York, NY 10007**

1 fevriye 2023

Chè fanmi ak estaf:

Mwen ta renmen ba w yon mizajou sou mezi nou pran nan DOE pou asire dlo ki nan lekòl nou yo sennesof pou elèv ak estaf.

Yon fwa pou tout, dlo Vil Nouyòk sennesof. Fanmi elèv ak estaf lekòl la ta dwe rete asire ke dlo nou an se pi bon kalite dlo nan mond lan. Dlo nan Vil Nouyòk respekte oswa depase tout nòm federal ak nòm eta a. Anplis, DOE ap travay avèk lòt ajans yo pou asire gen dlo ki sennesof pou bwè nan lekòl yo. Sekirite ak byennèt elèv ak estaf nou yo se pi gwo priyorite nou.

Dapre lwa eta a, tout lekòl yo dwe teste dlo yo chak twazan pou wè si yo gen plon. Apati 2023, DOE pral kòmanse yon nouvo seri tès ki pral fini an desanm 2025. Nan premye faz sa a, (pwomosyon 2023) nou pral teste yon tyè nan biling yo.

Nou chwazi biling lekòl ou a pami biling n ap teste an 2023 yo. Depi nou fin teste biling lan epi nou resevwa rezulta laboratwa yo, w ap resevwa yon avi sou rezulta yo. Nan tout biling kote rezulta tès yo montre genyen menm yon sèl sous dlo ki depase nivo a, DOE pral aplike pwotokòl regilye li genyen pou bay repons.

Tanpri ale nan <https://www.schools.nyc.gov/school-life/space-and-facilities/space-and-facilities-reports/water-safety> pou jwenn plis enfòmasyon sou pwotokòl solid nou itilize pou garanti sekirite nan dlo n ap bwè a nan chak grenn lekòl.

Avèk senserite,

Kevin Moran